# PESANTREN SABILILL MUTTAQIEN

## MI PSM SATRIYAN

### PENILAIAN AKHIR SEMESTER (PAS) GENAP

### TAHUN PELAJARAN 2020 / 2021

| | | | |
|---|---|---|---|
| Nama | : ............................ | No absen | : ………………… |
| Hari / Tanggal | : Rabu , 9 Juni 2021 | Waktu | : 60 Menit |
| Kelas | : V (Lima) | Mata Pelajaran | : Bahasa Jawa |

**I. Pilihen salah sijine jawaban A, B, C, atau D, sing paling bener!**

**Wacan ing ngisor iki kanggo nggarap soal no 1 teko no 5 !**

Kebun the jamus mapan ana ing kutha Ngawi .Papan iki kalebu apan wisata nggulan kang bisa dadi jujugane para wisatawan .Saben wayah preian mesthi akeh para wisatawan sing padha plesiran ing papan kene .Saliyane hawane adhem papan iki uga nyuguhake sesawangan kang endah nyengsemake ati .Nalika para wisatawan mlebu ing papan iki bakal disuguhi wit-witan the kang ijo royo-royo ing papan kono uga ana sawijining sumber lanang lan wadon kang banyune bening tur seger .Mula ora mokal menawa papan iki dadi saat wisata kang perlu dilestarikake.

1. Wacan ing dhuwur yen diseleng saka isine kalebu jinise teks …
   a. Narasi
   b. Dheskripsi
   c. Eksposisi
   d. Argumentasi
2. Kebun teh jamus mapan ana ing kutha …
   a. Madiun
   b. Nganjuk
   c. Ngawi
   d. Malang
3. Kebun teh jamus kalebu papan wisata unggulan buktine …
   a. Ramenen mung yen pas preian
   b. Dadi jujugane para wisatawan
   c. Papane adhem lan akeh wit-witane
   d. Mlebne kudu tuku karcis dhisik
4. Saben wayah preian mesthi akeh wisatawan sing padha plesiran ing papan kene .
   Tembung “ Plesiran “ tegese …
   a. Sinau
   b. Rekreasi
   c. Mondhok
   d. Nginep

LIVEWORKSHEETS

5. Saliyane nyuguhake sesawangan wit-witan kang asri papan iki uga nyuguhake …
   a. Warung-warng
   b. Sumber lanang lan sumber wadon
   c. Sawah kang amba
   d. Alas kang wingit
6. Seng kalebu strukture teks dheskripsi yaiku …
   a. Dheskripsi umum, ko,plikasi, lan dheskripsi bagiyan
   b. Indhentifikasi umum, idhentifikasi bagian,lan klasifikasi
   c. Dheskripsi umum,klasifikasi lan dheskripsi bagiyan
   d. Idhentifikasi umum,koplikasi, lan idhentifikasi bagiyan
7. Salah sijine ciri utama titikane dheskripsi yaiku …
   a. Nggambarake kedadeyan kanthi cetha
   b. Isine mujudake asli laporan kegiyatan
   c. Nggambarake panyaruwe saka penulis
   d. Isine mujudake rerangkene crita urut
8. Gancarane kang isine njlentrehake kedadeyan kanthi urutane wektu diarani teks …
   a. Dheskripsi
   b. Eksposisi
   c. Narasi
   d. Argumentasi
9. Teks sing nggambarake sawijine bab kanthi kahanan sing sabenere kang ndadekake para pamaca kaya – kaya weruh dhewe , ngrasakake dhewe, lan ngalami dhewe bab sing diandharake diarani teks …
   a. Dheskripsi
   b. Eksposisi
   c. Narasi
   d. Argumentasi
10. Sing kalebu strkture teks dheskripsi yaiku …
    a. Dheskripsi umum,komplikasi,lan dheskripsi bagiyan
    b. Idhentifikasi umum, idhentifikasi bagian, lan klasifikasi
    c. Dheskripsi umum, klasifikafi , lan dheskripsi bagiyan
    d. Idhentifikasi umum, komplikasi, lan idhentifikasi bagiyan
11. Unen-unen kang gumathok kanggo nyandra perangane awak , solah bawa lan kahanan andhapuk pepindhan di arani …
    a. Panyadra
    b. Panyendu

LIVEWORKSHEETS

c. Pepindhan
d. Parikan

12. Ukara kanggo ngumpamakake utawa mindhakake apa kang tegese emper-emperan diarani …
    a. Panyandra
    b. Panyendhu
    c. Pepindhan
    d. Parikan
13. Unen-unen cacahe rong gatra kapisan pinangka pembuka dene gatra kang kapindho minangka isine lan nggunakake purwakanthi swara diarani …
    a. Panyandra
    b. Panyendhu
    c. Pepindhan
    d. Parikan
14. Unen-unen kang gumathok ora ngemu surasa pepindhan .Kanggo nelakake rasa ora seneng ing ati babagan solah nbawa diarani …
    a. Panyandra
    b. Panyendhu
    c. Pepindhan
    d. Parikan
15. Bocah loro kuwi paseduluran kaya bangyu karo lenga,karo dulure ora bisa rukun .
    Ukara ing dhuwur nggunakake tembung …
    a. Panyandra
    b. Panyendhu
    c. Pepindhan
    d. Parikan
16. Kecik isine sawo,rambut brintik kaya gendruwo , Ukara iki diarani …
    a. Panyandra
    b. Panyendhu
    c. Pepindhan
    d. Parikan
17. Bocah kuwi ayu tenan rambute ngandhan-ngandhan , tangane nggendewa penenthang,bangkekane …
    a. Jambe sinigar
    b. Nawon kemit
    c. Miji timun
    d. Mucuk eri

LIVEWORKSHEETS

18. Cukat trengginas kaya sikatan nyamber walang , iku kanggo mindhakake …
    a. Sesambate
    b. Tingkah polahe
    c. Tandang gawene
    d. Sesumbare
19. Bocah iki yen disawang pipine …
    a. Manggis karengat
    b. Nduren sajuing
    c. Nyela cendhani
    d. Ngandhan-ngandhan
20. Ukara ing ngisor iki terusna supaya dadi parikan !
    Wedang bubuk gula tebu, mata ngantuk …
    a. Njaluk turu
    b. Njaluk dhuwit
    c. Ngajak mangan
    d. Entk melu

Wacan

Yama Widura was seumelang penggalihe.Mula sawise Ibu Kunthi lan para Pandhawa budhal menyang Waranawata,enggal utusan Kanana abdi kinasihe .Kanana diutus gawe trowongan .Trowongan mau kudu bisa dadi dalan samangsa ana kedadean kang mbebayani tumprap Ibu Kunthi lan para Pandhawa.

Ing wektu kang wis ditemtokake , nalika rembulan ndadari sumunar padhang , Kurawa lan Patih Sengkuni nindakake culikane. Purucana diutus ngobong Bale Sigala-gala nalika kabeh padha turu kepati.

Temenan , sedhela bae Bale Sigala-gala dadi geni abang mbranang .Bale kang digawe saka damar mau mulad-mulad kobar ,Hawa panas lan bulek kandel nangekake para Pendhawa Bima enggal nggendhong Nakula lan Sadewa .Arjuna golek dalan kanggo uwal saka geni.Puntadewa nggandheng Ibu Kunthi.

21. Irah-irahan utawa judul sing cocok kanggo crita wayang ing dhuwur yaiku …
    a. Laire Pendhawa
    b. Wiratha Parwa
    c. Perang Baratha Yudha
    d. Bale Sigala-gala

LIVEWORKSHEETS

22. Dewi Kunthi lan Pandhawa pamit tumuju ing …
   a. Alas Waranawata
   b. Negara Amarta
   c. Negara Astina
   d. Sumur jalatunda
23. Yama Widura was sumelang penggalihe jalalaran …
   a. Ibu Kunthi lan para Pandhawa padha ora gelem rukun
   b. Para kadang Kurawa ngapusi ibu Kunthi lan para Pandhawa
   c. Ibu Kunthi lan para Pandhawa budhal menyang Waranawata
   d. Para kadang Kurawa padha ngajak rukun karo Pandhawa
24. Kurawa dadi saya licik lan kebak angkara murka amarga pangajake …
   a. Resi Bhisma
   b. Yama Widura
   c. Patih Sengkuni
   d. Prabu Kresna
25. Para kadang Pandhawa bisa uwal saka bebaya kanthi cara …
   a. Mencolot saka ubaling geni
   b. Ditulungi dening Purucana
   c. Metu ngliwati trowongan
   d. Turu ing jabaning omah
26. Paraga wayang sing tindak-tanduke kena ditiru yaiku …
   a. Pandhawa
   b. Kurawa
   c. Rahwana
   d. Sengkuni
27. Jroning maca crita wayang sing paling wigati yaiku pesen/amanat jalaran …
   a. Jroning crita wayang kebak piwulang kabecikan
   b. Mujudake ringkesaning crita wayang kang wutuh
   c. Ora perlu kangelan maca crita wayang sakabehane
   d. Maca sepisan ora perlu maca crita wayang liyane
28. Wayang iku kejaba tontonan uga mujudake tuntunan jalaran …
   a. Kena kanggo golek sandhang pangan
   b. Bisa kanggo nglancarake oleh rejeki
   c. Bisa nggampangake oleh pagaweyan
   d. Kena kanggo menehi tuntunan urip

LIVEWORKSHEETS

29. Crita wayang kuwi sumbere saka buku …

a. Sutasoma lan Ramayana
b. Mahabarata lan Ramayana
c. Mahabarata lan Negarakertagama
d. Negarakertagama lan Ramayana

30. Puntadewa ,Werkudara , Janaka, Nakula lan Sadewa iku kabeh diarani …

a. Pandhawa
b. Kurawa
c. Punakawan
d. Ngasthina

31. Pasangan aksara Jawa iku lumrahe ditulis ing … akasara seng dipasangi !

a. Ndhuwure
b. Ngisore
c. Njerone
d. Njabane

32. Pasangan aksara Jawa gunane kanggo …

a. Mateni aksara ing ngarepe
b. Ngganteni aksara gedhe
c. Mateni aksara ing mburine
d. Ngganteni aksara swara

33. Pasangan aksara Jawa sing panulisane jejer karo aksara sing dipasangi yaiku …

a. Ha, sa, lan pa
b. Na, ka, lan ta
c. Ra, ga, lan ya
d. Ka, ta, lan la

34. Pasangan aksara Jawa sing wujude ( bentuke ) pada aksara asline yaiku pasangan …

a. Ha, sa, lan pa
b. Na, ka, lan ta
c. Ra, ga, lan ya
d. Ka, ta, lan la

35. Tembung dalan rata yen ditulis nganggo aksara Jawa …

a. 

b. 

LIVEWORKSHEETS

c. 

d. 

36. Tulisan  yen ditulis nganggo aksara latin …

a. Nyekel kuku
b. Nyekel buku
c. Seneng buku
d. Seneng tuku

37. Pasangan aksara “ ka “ karo pasangan aksara “ ta “ menawa disandhangi suku lan cakra kudu …

a. Tetep wae
b. Ditulis dobel
c. Mbalik wutuh
d. Dipangku dhisik

38. Panulisan aksara Jawa ing ngisor iki sing paling bener yaiku …

a. 

b. 

c. 

d. 

39. 

Ukara ing dhuwur pasangan sing digunakake yaikun aksara pasangan …

a. Pa, karo ca
b. Sa karo da
c. Ma karo ka
d. Pa karo ba

LIVEWORKSHEETS

40. Yen pengin numpak sepur kudu menyang … disik

a. 

b. 

c. 

d. 

41. Ukara ing ngisor iki terusna supaya dadi parikan !

Wedang bubuk gula tebu, mata ngantuk …

a. Njaluk turu
b. Njaluk dhuwit
c. Ngajak mangan
d. Entk melu

42. Panyandra ik gunane kanggo …

a. Nyacat
b. Ngalem
c. Ngelokke
d. Ngandhani

43. Panyendhu kuei gunane kanggo …

a. Ngalembono
b. Parikan
c. Ngelokake
d. Ilo-ilo

44. Tembang " Padhang Bulan " kalebu tembang …

a. Wajib
b. Daerah
c. Dolanan
d. Qasidah

45. Bapa Semar lagi lungguh karo ngombe wedang kopi .

Ukara ing dhuwur yen didadekke krama inggil yaiku …

a. Bapa Semar nembe lenggah kaliyan ngunjuk wedang kopi
b. Bapa Semar lenggahan kalih mimik wedang kopi
c. Bapa Semar lagi lungguhan kelih mimik kopi
d. Bapa Semar lunnguh kalih ngunjuk kopi

LIVEWORKSHEETS

46. Ibu tindak menyang pasar

Ukara ing dhuwur jejere yaiku …

a. Tindak

b. Menyang

c. Pasar

d. Ibu

47. Ibu tindak pasar mundhut sayuran.
Ukara ing dhuwur jejere yaiku …
a. Tindak
b. Pasar
c. Ibu
d. Sayuran

48. Puisi nganggo Bahasa Jawa diarani …
a. Geguritan
b. Saloka
c. Parikan
d. Cangkriman

49. Tembang macapat iku cacahe ana …
a. 10
b. 20
c. 31
d. 11

50. Basa krama iku cacahe ana loro yaiku …
a. Krama inggil lan krama madya
b. Krama lugu lan krama andhap
c. Krama inggil lan krama tengahan
d. Krama asor lan krama andhap

LIVEWORKSHEETS